Xale nga te amagoo fukki at ak juroom ñaar.

**ReACT**

## XALE GU NEKK MOOM KESE FARANS:

# YANN YELLEEF NGA AM ?



## AY DIGAL AK LU AM SOLO NGIR DIMBALI LA

LU NGA WARA XAM

Lu xarañ yi di def : alkati yi, avoka yi, tuteurs, gungekat yi, attekat yi, fajkat yi etc **ñooy aar**

Nettalil xarañ yi sa jaar jaar ngir ñu dimbali la

Mën nañu la dimbali ci lekk gi, fi nga mëna dëkk, daara gi, sa wergu yaram...
**te xale yi duñu fay dara!**

Mën nga laaj lu nga nàndul wala loo bëggul

**DAMBU XARAÑ ÑU LA MËNA DIMBALI :**

www.infomie.net/spip.php?rubrique124

**XALE BU NEKKUL CI KARANGE**

**119**

(woote gi doo fay)

CI MBIRUM KU LAY GUNGE CI YEPP

Su fekke ne andoo ak sa njaboot wala mbokk farans, attekat gi mën na laa jox **kenn kuy nekk ni sa waajur** di la gunge te di la dimbali wala benn administrateur ad hoc (**benn gungekat**) ngir dimbali la ci lu nga wara def. Ay nit yu nga mëna woolu lañu, dinañu def yepp ni sa waajur.



Mën na am ñu jox la benn « **tuteur** » (ku nekk ni sa waajur) dina la toppoto ba nga am fukki at ak juroom ñett wala benn « **administrateur ad hoc** » (gungekat) benn mag bu nga xam la, moom du des ak yow lu yagg, ngir nga am benn kayit ba mu sotti rek.



## CI MBIRUM ALKAATI YI



Alkaati yi

**17** ou **112**

(woote wi doo fay)

Alkaati yi ñoo ngi fi ngir dimbali su nekke ne dañu la gaañ wala ñu defloo la li nga bëggula def te baaxul ci yow. Xamal ne mënuñu la fayloo lu nga def ak ñakk pexe su nekke lu baaxul wala lu jagadi sax.

Su la alkaati yi laajte **mën nga** : am benn mag gu nekk ni sa waajur (sa njaatige) ak ku nga woolu mu gunge la, benn mbootaay, benn awoka, wala **laajte kenn** kuy tekki baat.

## LAN MOOY JËL KENN DEF KO NI JAAM ?

**ow wala sa benn xarit dal na leen te xamoo leen ko.**

Mes nañu la defloo li :

- → **deg li ñuy def ci negu séy wala ñu laal la fu ñu warut? ?**
- → **liggeey** (maanam ci këru kenn ngir toppoto xale yi wala fomp, ci benn isin wala benn restoran) ?
- → **yelwaan, sacc wala nga def lu aay ?**
- → **bey, jallale wale jaay dorog ?**
- → **aay lenn ci biir sa yaram ?**
- → lay **lu nga ameel** ci liggeey wala def lenen ?

**You wala sa waajur dund ngeen loolu ?**

So wuyoo « waaw » ci laaj yii, mën na am kenn teg leen ni jaam yow wala sa xarit. Wax ko benn xarañ gu nga woolu ngir mu mën la dimbali yow ak yenen xale.

## CI MBIRUM ÑUY DIMBALI XALE YI

→ Farans,
nekk xale yow kese jafe na.
Su amee **ASE (aide sociale à l'enfance)** moo lay dimbali ci lekk gi, foo mëna dekk, daara ji...

→ Mbootaay yi mën nañu la dimbali, ngir **ASE** dimbali la te doo fay.

→ Foofu dinga mëna **gis** yenen xale, **foo**, **reetaan**, **waxtaan** ak ay mag yu nga woolu, **gis ay fajkat** (ñuy faj xel, bëñ...) wala **jang faranse**.



**LA TRAITE DES ÊTRES HUMAINS LU GRAAW LA ET UNE VIOLATION DE TES DROITS.**

**Liste des associations du Collectif Ensemble contre la traite des êtres humains :**

http://contrelatraite.org/



## FARANS, MËN NAÑU LA DIGAL CI MBIRUM ATTE TE DOO FAY AK BENN AWOKA WALA AY MBOOTAAY.

Am na tamit fu nga mëna dem fi nga xam ne **këru atte** la tudd fepp ci farans :

fi nga mëna gis say yelleeft : www.annuaires.justice.gouv.fr/annuaires-12162/annuaire-des-points-dacces-au-droit- 21772.html#c-mq_path=liste&cmq_page=4



Maisons de justice et du droit : www.annuaires.justice.gouv.fr/annuaires-12162/annuaire-des-maisons-de-justice-et-du-droit-21773.html

## DEKK YU BARI CI FARANS DAÑUY DEF NGA MËNA AM BENN AWOKAWU XALE. BUL RUS LAAJTEL BENN AWOKA!

**à Lyon**

**176, rue de Créqui**

Lyon 3

**04.72.60.60.00**

**Benn a ngi,**

**Parvis du tribunal de Paris**

75017 PARIS

**01.42.36.34.87**

CI MBIRUM ATTE

**KON LAAJTEEL!**

## XAM ÑAATA AT NGA AM?

Soo amul ay keyit yuy wax ñaata at nga am wala am na ay mag yu la gëmul, mën na am ñu jema xam dëgg li :

**Di xoolaat bu baax say keyit**

**Wala gise ak ay xarañ**
(laajte ci sa daara, sa waakër etc)

**Xool ci say yax**
(xol ak benn masin wala col say bëñ )

Am nga pexe, mën nga bañ. Waye demal laaj mag yu nga woolu dinañu la wax loo wara def.





Laajal mag yu nga xam dinañu la gunge ngir **toppoto sa wërguyaram ak sa xel te doo fay**.

Farans soo bëgge jang tamit doo fay, te **amoo pexe soo amagul fukki at ak juroom benn danga wara dem daara**. Mën na am wutal la daara xawa yagg waye yepp dina baax !



→ Farans, **bala say fukki at ak juroom ñett**, mën nga fi des te am ndimbalu ñnuy aar xale yi loolu ak **ñak keyit** wala keyitu judd. Laajteel xarañ yi ngir am sa keyitu dëkk noonu dinga mëna des fi (te dinga mëna liggeey soo ëppe fukki at ak juroom benn).



→ Te xamal ne dëkk bi nga joge mën na la indil coow, **mën nga laajte keyitu asil ngir des ci dëkk bi su fekke ne sa dëkk woorul**. **At bu nga munti am**, waye lu teel moo gën. Benn administrateur ad hoc wala benn tuteur dina la gunge ci laajte boobu.

## LA CIMADE

**benn bootaay buy dimbali gan yi la, ñoo ngi fu nekk ci Farans.**

www.lacimade.org/

## L'OFPRA

**(mooy ñu dimbali ñu daw seen dëkk)** ina xool sa laaj ci mbirum am keyit soo pare nettali sa jaarjaar benn alkaati.

www.ofpra.gouv.fr

9h-15h
201 rue Carnot,
94136
Fontenay-sous-bois Cedex

**01.58.68.10.10**

Mën nga tamit xool ci téere bii ngir xam lu yepp di deme :

https://ofpra.gouv.fr/sites/default/files/atoms/files/ofpra_guide_de_lasile_mie_en_france.pdf



## ÑUY AAR YELLEEF

Ñuy aar yelleef mën nañu ñëw su fekke ne toppuñu yellefu benn xale. Benn xale mën na ko woote. Dina dimbali te kenn du fay.

**09.69.39.00.00**

(woote gi ni yenen woote lay jar)

www.defenseurdesdroits.fr/fr/saisir-le-defenseur-des-droits

## DÀMBU TRIBUNOWU XALE

ndax mën nga bind benn attekatu xale ngir mu dimbali la, fii nga leeni mëna jot :

www.annuaires.justice.gouv.fr/annuaires-12162/annuaire-des-tribunaux-pour-enfants-21778.html





XIBAAR-ÑU NGA MËNA WOOTE

XIBAAR-ÑU NGA MËNA WOOTE

**TÉEREE GII LIGGEEYU « REACT » LA TE UNION EUROPÉENNE MOO KO FAY. DAÑU KO BINDAAT TE TEKKI KO CI AY LAKK YU BARI NDAX LIGGEEYU CAP**

ñu bari dimbali nañu...

ECPAT FRANCE

Betto Seraglini for International Justice – Fonds de dotation

Barreau de Paris Solidarité – Fonds de dotation

Xibaar bii ak wideo bu koy gunge ñoo ngi ci youtube : ECPAT REACT.

Imprimé parIMS/Printed by IMS

http://graphiste-siteweb.com